Pou Piblikasyon Imedya: 14/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

LARI KI PI AN SEKIRITE: GOUVÈNÈ HOCHUL ENVESTI PRÈSKE 4 MILYA DOLA NAN SEKIRITE PIBLIK DEPI LÈ LI TE ANTRE AN FONKSYON, PANDAN ETA A AP WÈ BÈS DIRAB NAN KRIMINALITE

Gouvènè a bay yon sipò rekò pou fòs lòd lokal ak eta yo

Eta Nouyòk te wè yon diminisyon 10 pousan nan endis krim la ak rediksyon nan tout sèt kategori krim yo

Lanmò akoz fiziyad yo te bese 62 pousan, asasina yo te bese 57 pousan

28 pousan diminisyon nan kanbriyolaj, 19 pousan diminisyon nan vòl veyikil a motè

Gouvènè Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou jodi a sou envestisman rekò li yo nan sekirite piblik, ki te kontribye nan yon rediksyon siyifikatif nan krim ak vyolans ak zam pandan tout manda li a. Jiska prezan, Gouvènè a envesti prèske 4 milya dola nan inisyativ sekirite piblik — tankou prevansyon vyolans ak zam, sekirite nan metwo, prevansyon krim rayisans, ak sekirite fwontyè — pandan l ap bay yon sipò istorik pou fòs lòd lokal ak eta a soti Long Island rive Buffalo. Kòm rezilta, Eta Nouyòk te wè yon diminisyon 10 pousan nan endis krim, ak rediksyon nan tout sèt kategori krim yo ak yon diminisyon plis pase 60 pousan nan lanmò pa fiziyad depi premye ane konplè Gouvènè a te antre an fonksyon an.

"Kenbe Nouyòkè yo san danje te pi gwo priyorite mwen depi lè mwen antre an fonksyon", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pandan ke administrasyon Trump la te koupe finansman pou inisyativ kritik kont teworis ak sekirite transpò piblik epi li te fè konsesyon bay gwoup k ap fè lòbi zam yo, nou te envesti prèske 4 milya dola nan pwogram sekirite piblik nan tout eta a epi nou te bese to krim yo nan nivo ki pi ba pase anvan. Antanke Gouvènè, mwen rete angaje pou m fè tout sa ki nan pouvwa m pou pwoteje kominote Nouyòk yo — avèk oswa san sipò nan men Washington."

Kòm rezilta, ant janvye ak mas 2026 konpare ak menm peryòd la an 2022, Eta Nouyòk te wè yon diminisyon 10 pousan nan total endis krim la, ak rediksyon nan tout sèt kategori yo. Sa gen ladan kat klasifikasyon ofans vyolan yo — asasina, vyòl, vòl, ak agresyon grav — ki te diminye pa 15 pousan, ak twa klasifikasyon ofans pwopriyete yo — kanbriyolaj, vòl, ak vòl machin — ki te diminye pa 9 pousan.

Gen lòt pwen enpòtan tou, tankou yon diminisyon 57 pousan nan asasina, yon diminisyon 28 pousan nan kanbriyolaj, ak yon diminisyon 19 pousan nan vòl machin.

Soti janvye rive jiyè 2026, konpare ak menm peryòd la an 2022, Eta Nouyòk te wè yon rediksyon 57 pousan nan ensidan fiziyad ki te lakoz blese, yon diminisyon 57 pousan nan kantite moun ki te pran bal, ak yon diminisyon 62 pousan nan lanmò ki lye ak fiziyad.

Pwen enpòtan nan envestisman Gouvènè Hochul nan sekirite piblik la gen ladan yo:

- Plis pase 1 milya dola pou pwogram prevansyon vyolans ak zam, 202 milyon dola pou amelyorasyon teknoloji ak ekipman pou fòs lòd la, ak prèske 50 milyon dola nan lòt sipò, ki gen ladan 25 milyon dola pou ranplase yon sistèm jesyon dosye ki demode ke ajans lapolis yo toujou itilize atravè eta a;
- Plis pase$680 milyon dola pou èd pou pouswit jidisyè yo;
- Plis pase 667 milyon dola pou èd pou defans, ki gen ladan altènativ pou prizon, sèvis anvan jijman, ak pwogram reyentegrasyon;
- Yo te envesti plis pase 300 milyon dola nan sekirite metwo a pou ogmante prezans lapolis, amelyorasyon sekirite, ak ekip SCOUT yo, sa ki diminye krim transpò piblik pandan ete a nan nivo ki pi ba pase tout tan;
- 165 milyon dola pou sibvansyon pou sekirize kominote yo kont krim rayisans yo;
- 120 milyon dola pou konbat vòl nan magazen; epi
- 12 milyon dola pou sekirite ak pwoteksyon fwontyè.

Pou ane fiskal 2027 la, Gouvènè Hochul te kontinye envestisman rekò li yo nan sekirite piblik avèk:

- 352 milyon dola nan sibvansyon pou prevansyon vyolans ak zam;
- 122 milyon dola pou kontinye ogmante prezans lapolis sou platfòm yo ak tren yo;
- 35 milyon dola pou sibvansyon pou Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans (Securing Communities Against Hate Crimes, SCAHC) yo
- 14 milyon dola pou aktivite lapolis ak koreksyonèl ke cherif konte yo fè;
- Yon ogmantasyon 6.7 milyon dola pou amelyorasyon teknoloji analiz ADN ak dwòg, akreditasyon ak tès konpetans;
- 5 milyon dola pou Lapolis Eta a devlope yon plan konplè pou teknoloji dwòn;
- 4.5 milyon dola pou elaji rezo Sant Analiz Krim (Crime Analysis Center, CAC) la epi konplete pwoteksyon nan tout eta a grasa etablisman yon nouvo sant nan Konte Westchester;
- 4.5 milyon dola pou anpeche epi konbat vòl tit pwopriyete;
- 2 milyon dola pou elaji Inite kont Vòl Oto (Auto Theft Unit, ATU) nan Lapolis Eta a; epi

- 500,000 dola pou yon gwoup travay pou pwoteje kont menas zam ki fèt ak enprimant 3D yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.